



Evaluasi Soal Bahasa Sunda Kelas 6

30 Questions

NAME : _____

CLASS : _____

DATE : _____

1. Sinonim tina kecap **Beurang** nyaéta.....☐ a) peuting☐ b) wengi☐ c) siang☐ d) isuk2. Mang Rian sapatuna alus. Sinonim tina kecap alus nyaeta....☐ a) goreng☐ b) anyar☐ c) hade☐ d) baheula3. Antonim tina kecap **Adi** nyaeta....☐ a) pait☐ b) lanceuk☐ c) beurang☐ d) halodo4. Upami enjing-enjing enakna ngeteh anu *panas*. antonim tina kecap *panas* nyaeta...☐ a) beurang☐ b) handap☐ c) tiis☐ d) cageur5. *Barudak sakola riungan di pakarangan (halaman)*. Bahasa Indonesiana kecap *riungan* nyaeta...☐ a) belajar☐ b) berkumpul☐ c) bersama☐ d) bermain6. Bahasa Sunda tina kecap *berita* nyaeta....☐ a) warta☐ b) kecap☐ c) kiwari☐ d) barudak

7. Di desa simkuring teh nuju aya pangwangunan rumah sakit. Pangwangunan bahasa Indonesiana nyaeta....

- ☐ a) pelajaran
- ☐ b) pertunjukan
- ☐ c) pembangunan
- ☐ d) pembongkaran

8. Di sakola teh seueur *rerencangan*. Rerencangan hartina...

- ☐ a) guru
- ☐ b) orang tua
- ☐ c) teman
- ☐ d) kakak

9. Dongeng anu eusina nyaritakeun jalma biasa nyaeta

- ☐ a) babad
- ☐ b) parabel
- ☐ c) mite
- ☐ d) sage

10. Dongeng pieunteungeun yaeta dongeng...

- ☐ a) anu eusina mangrupikeun tuladan pikeun manusa
- ☐ b) anu nyaritakeun kagagahan hiji jalma
- ☐ c) anu eusina nyaritakeun kajadian atawa jelema anu ngandung unsur sejarah
- ☐ d) anu eusina patali jeng kapercayaan masyarakat.

11. "Sasakala Situ Bagendit" kaasup kana dongeng....

- ☐ a) sage
- ☐ b) pabel
- ☐ c) mite
- ☐ d) legenda

12. Wasta kedah aya dina formulir. Wasta hartina...

- ☐ a) jenis kelamin
- ☐ b) nama
- ☐ c) alamat
- ☐ d) hobi

13. Hal-hal anu patali jeung formulir, *kacuali*....

- ☐ a) wasta
- ☐ b) wanoja
- ☐ c) cita-cita
- ☐ d) tempat jeung tanggal lahir

14. Alamat bahasa Sundana nyaeta...

- | | |
|------------------------------------|--|
| ☐ a) wanoja | ☐ b) padumukan |
| ☐ c) wasta | ☐ d) kalangenan |

15. Si Rahma mah lamun dititah ku indungna sok hampang birit. hampang birit hartina...

- | | |
|--|--|
| ☐ a) males digawe | ☐ b) hese dititah |
| ☐ c) rajin digawe | ☐ d) adigun |

16. Babasan tina gampang teuteunggeul nyaeta...

- | | |
|--|--|
| ☐ a) hampang birit | ☐ b) beurat birit |
| ☐ c) hampang leungeun | ☐ d) gede hulu |

17. Babasan anu hartina sombong atawa adigun nyaeta...

- | | |
|--|---|
| ☐ a) panjang leungeun | ☐ b) hampang birit |
| ☐ c) gede hulu | ☐ d) hejo tihang |

18. Kecap pananya keur naroskeun ngaran tempat nyaeta

- | | |
|-------------------------------------|--------------------------------------|
| ☐ a) di mana | ☐ b) saha |
| ☐ c) kumaha | ☐ d) sabaraha |

19. Kecap pananya keur naroskeun ngaran jalma (nama orang) nyaeta

- | | |
|--------------------------------------|--------------------------------------|
| ☐ a) saha | ☐ b) kumaha |
| ☐ c) sabaraha | ☐ d) sabaraha |

20. Aya ... murid kelas 6E? Aya 20 urang.

- | | |
|--------------------------------------|------------------------------------|
| ☐ a) sabaraha | ☐ b) kumaha |
| ☐ c) di mana | |

21. kalimah pananya "Iraha Bapa sumping ti Surabaya?" dipake pikeun nanyakeun

☐ a) tempat

☐ b) waktu

☐ c) jalma

☐ d) jumlah

22. Kalimah anu dipaké pikeun ngajak jalma lian ngarah digawé babarengan nyaeta kalimah....

☐ a) panyaram

☐ b) pangjurung

☐ c) pangajak

☐ d) pangwawadi

23. Gancang geura nulisna!(cepatlah nulisnya!) nyaeta contoh tina kalimah....

☐ a) pangjurung

☐ b) pangwawadi

☐ c) panggeuri

☐ d) pangajak

24. Punten pangnyandakeun cai ieu ka ruang tamu!(maaf. Bawakan air ini ke ruang tamu!). Kalimah di samping kaasup contoh kalimah....

☐ a) panyaram (larangan)

☐ b) pangrujung (dorongan)

☐ c) pangajak (ajakan)

☐ d) panitah (perintah)

25. Baca cutatan dongéng ieu pikeun ngajawab soal!Usum katiga kawilang panjang, panon poé karasa panas morérét. Jujukutan taya nu jadi, paréang nungtut paraéh. Di hiji rungkun, peucang (kancil) ngiuhan bangun nu horéam lunta. Geus teu werateun jigana mah kawantu ti isuk can kararaban dahareun (makanan). Awakna begang kari kulit jeung tulang. Leumpangna gé geus rarampéolan. Keur uleng mikiran nasibna, teu kanyahoan ti mana jolna, ujug-ujug korosak ajag nyampeurkeun bari babaung leu geuning hakaneun aing téh, ceuk ajag. Awas, peucang (kancil), manéh ulah boga pikiran lumpat (lari). Ka mana ogé moal burung diberik! pokna deui bari angger babaung. Cutatan di luhur kaasup kana jenis dongeng....

- ☐ a) babad ☐ b) sasakala
☐ c) fabel ☐ d) parabel

26. "Rupina cekap sakieu waé pisanggem ti sim kuring, mugi-mugi tiasa ngawakilan kereteg haté sadayana. Hapunten anu kasuhun, bilih aya cariosan anu kirang merenah."
Paragraf di luhur ka asup kana biantara?

- ☐ a) Panutup ☐ b) Salam panutup
☐ c) Eusi ☐ d) Bubuka

27. Struktur biantara anu tepat nyaeta....

- ☐ a) bubuka, eusi, panutup ☐ b) bubuka mukadimah, panutup
☐ c) bubuka, kacindekan, panutup ☐ d) bubuka, salam bubuka, panutup

28. "Assalamualaiku wr.wb. Sampurasun! Ibu - ibu sinareng bapa - bapa guru nu ku sim kuring dipihormat. barudak nu dipikadeudeuh."...Kaasup bagian tina ...biantara

- ☐ a) bubuka ☐ b) salam pamuka
☐ c) eusi ☐ d) panutup

29. Sagala katerangan atawa petunjuk anu aya kaitanana jeung waktu, ruang, suasana jeung situasi kajadian hiji peristiwa dina hiji carita disebutna...

- | | |
|------------------------------------|-----------------------------------|
| ☐ a) palaku | ☐ b) latar |
| ☐ c) babak | ☐ d) tema |

30. Waktos abdi ngasongkeun artos 10 rébu kanggo nyumbang kulawarga Ani nu pupus, Pa Guru teu langsung nampi, malah anjeunna neuteup. Rérancangan sakelas gé arolohok.leu téh enya rék nyumbang 10 rébu,Win ? Pa Guru naros.Muhun, waler abdi.Gedé-gedé teuing! Pa Guru sapertos nu teu percanten. Atuda rérancangan mah paling ageung nyumbang sarébu.Wios, da nuju gaduh!Nya, ari kitu onaman, saurna, bari nampi artosna.Hébat euy, Si Wini loba duitna! ceuk Feri.Bapana ogé tuda kapala bank, ceuk Tini.Enya,Win? Santi nu diuk gigireun nanya.Abdi unggeuk. Mani asa rebéh irung.(Diropéa tina carpon Sumbangan karya Winny Aisyah, Mangle Alit No 881)
Palaku dina cutatan carita pondok di luhur nyaéta....

- | | |
|---|--|
| ☐ a) Wini, Pa Guru, Féri, Santi, Didi, jeung babaturan sakelas Wini.Wini, Pa Guru, Féri, Abdi, Tini, jeung babaturan sakelas Wini. | ☐ b) Wini, Pa Guru, Féri, Abdi, Tini, jeung babaturan sakelas Wini. |
| ☐ c) Wini, Pa Guru, Féri, Santi, Tini, jeung babaturan sakelas Wini. | ☐ d) Wini, Pa Guru, Féri, Santi, Ani, jeung babaturan sakelas Wini. |